Ассаламу гӀалайкум, казбекалъул жамагӀат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 32 (9826) 19 август 2019 с. / Итни 18 Зуль-х1иджа 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## Главе Дагестана - 70 лет!

### Уважаемый Владимир Абдулиевич!




Примите искренние поздравления с юбилеем от всех жителей Казбековского района и от меня лично.

За два года, в течение которых Вы возглавляете республику, наши жители ощутили реальные положительные изменения в социально-экономическом развитии Дагестана. Два года решительных действий, кардинальных изменений в кадровой политике и справедливых решений властей, обращенных лицом к народу. В 2019 году целый ряд социально-значимых объектов, жизненно важных для наших жителей, получил финансирование из республиканского и федерального бюджетов. Люди видят ощутимые сдвиги во внутренней политике, обращаются с новыми просьбами, потому что верят в то, что будут услышаны. Спасибо Вам за честную работу на благо дагестанского народа. Желаем Вам, Владимир Абдулиевич, крепкого здоровья и кавказского долголетия, семейного благополучия, дальнейших успехов и воплощения всего задуманного.

*Глава МР «Казбековский район» Гаджимурад Мусаев.*

## Райадминистрациялда



14 августалда райадминистрациялда,районалъул бетӀер ХӀ.ХӀ. Мусаевасул заместитель З.Н.Эмеевасул бетӀерлъиялда, тӀобитӀараб данделъиялда гӀахьаллъана-экономикаялъулгун планированиялъул ва гӀуцӀиялъул суалазул отделалъул начальник Д.З.Сайдулаев, муниципалияб буголъиялъулгун ракь хӀалтӀизабиялъул отделалъул начальник М.Э.Эмеев, росдал магӀишаталъул Управлениялъул директор З.Д. ГӀалиев, гьесул хӀалтӀухъаби ва росабазул росдал магӀишатазе нухмалъулел.

Данделъиялъул хал гьабиялде босун букӀана ижараялъе магӀишатаз босараб ракьухъгун цогояб магӀишатияб налог кьеялъул суал. Рехсараб суалалда тӀасан гьабураб кӀалъаялда Д.З.Сайдулаевас, гӀатӀидгьабун, бицана росабазул магӀишатаз налогал кьеялда сверухъ бугеб ахӀвал - хӀалалъул.

ТӀасан кӀалъаязда магӀишатазе нухмлъулез гьенир рехсана жидеда цере чӀарал гӀезегӀанго квал-квалазул. Лъалеб букӀахъе,Дилим,Ленинаул ва Калининаул росабазул магӀишатазул гъутабазда ругел ракьал, цо чанго соналъ, лъаргӀаз хӀалтӀизарize риччалел гьечӀо ва, гьелъул хӀасилалда, гьел магӀишатаз кколеб буго кӀудияб зарал. Гьелдаго цадахъ, гьел ракьазухъ налогал нилъер магӀишатаз кьолел руго. Цогидал магӀишатаз хӀалтӀизарулел ракьазе щолеб гьечӀо лъалъадизе лъим. Гьел ракьазул суал цойиде ккезабизе бицунеб бугелдаса сонал унел руго, амма гьелъул гьоко чӀаралъубго буго. Росдал магӀишаталъулгун буголъиялъул министерствабаз (рехсарал суалал жидеде кколел) суалал бетӀералде рахъинаризе рагӀи кьуниги, тӀуралелги гьечӀо.

**«Ниж гӀемер хьвадана республикаялъул тӀадегӀанал идарабазде, амма гьез нижее щибниги кумек гьабулеб гьечӀо. ГьабсагӀаталда бугеб ахӀвал-хӀал хадусанги букӀани, нилъер магӀишатазе кколеб зарал лъица бецӀизе бугеб»**,-ан абураб пикру загьирлъулеб букӀана рехсарал магӀишатазе нухмалъулезул кӀалъаязулъ.

Унгоги, тамашалъи гьабизе ккараб хӀал гьечӀищ гьениб? ХӀалтӀизе гьабулареб ракьухъ магӀишатаз налог кьезе кколеб буго, кьечӀони, ракь нахъе иналъе ресалги рукӀунел руго.

Лъиего балъголъи гуро, магӀишатазе хӀажатал-техника, запчастал, цӀатари, ракь бeэн гьарулел магӀданал ва гь.ц. къойидаса къойиде багьалъулел рукӀин, пачалихъалъул рахъалъан щолеб кумекги дагьлъулеб букӀин.

Гьединаб политика хадусанги тӀалъиялъ хӀалтӀизабулеб бугони, нилъер магӀишатазул букӀиниселда хӀинкъи гьечӀодай?

Данделъиялъул ахиралда магӀишатазе нухмалъулез районалъе нухмалъулел ахӀана, цадахъ лъугьун, гъутабазда ругел ракьазул суал бетӀералде бахъинабиялде.

## ХӀисабкьеялъул данделъиялда...

7 августалда Дилим росулъ тӀобитӀана **«Дылымское»** ГУПалъул хӀалтӀухъабазул данделъи. Гьенире гӀахьаллъана-районалъул бетӀерасул заместителал: З.Н.Эмеев ва И.Б.Салимханов, росдал магӀишаталъул Управлениялъул, администрациялъул жавабиял хӀалтӀухъаби, захӀматалъул ветеранал, жамгӀиял гӀуцӀабазе нухмалъулел, росдал гӀолохъабазул гӀуцӀиялъул вакилзаби, диниял церехъаби ва гь.ц.

Данделъиялъул халгьабиялде росарал суалазул аслияблъун букӀана **«2018 соналъ «Дылымское» ГУПалъе нухмалъулез гьабураб хӀалтӀул хӀисабкьей ва 2019 соналъ гьаризе тӀаде росарал хӀалтӀаби»** абураб суал.

Гьеб суалалда тӀасан кӀалъай гьабуна ГУПалъул директор ГӀабдулатӀип МухӀудиновас. Гьес гьениб, гӀатӀидгьабун, бицана магӀишатиял бутӀабазда араб соналъ ккарал хӀасилазул, церетӀеязул, дандчӀварал захӀмалъабазул ва цере чӀарал масъалабазул.

Жиндирго кӀалъаялда ГӀабдулатӀипица абуна: **«ГьалмагъзабиI Дие цӀакъ бокьилаан магӀишаталда гьабулеб хӀалтӀиялда, гьеб цебетӀезабиялда тӀад нижеца гьабулеб хӀалтӀуе къимат кьезе, гьелда тӀасан нужеца нужерго пикраби загьир гьаризе. Дида гӀемер рагӀуна, ругелги гьечӀелги гӀайибалги гӀунтӀизарун, бакӀ-бакӀазда рицунел кьучӀ гьечӀел харбал.**



**РакӀчӀун абизе кӀола, магӀишаталъе лъикӀлъи, цебетӀей бокьараз, рачӀун нижехъегун, рагьараб кӀалъай гьабилин. Гьарула нужеда нижер хӀалтӀиялда тӀасан рагьараб кӀалъай гьабеян.**

**Къасиги къадги магӀишаталда жанив вугев дида, узухъда, лъала гьанир ругел гӀунгутӀаби. Амма гӀезегӀанго рахъал гьезул руго нижеда рачӀелги. Ункъо абилел соназул техникаялъ, ракь беэн гьабулел магӀданалгун цӀатариялъул ва цогидалги х1ажатал алатазул багьаби гьавалде рахиналъ магӀишат цебе туркӀизе биччалеб гьеч1о. Гьедин кин абилареб, нижеца 1 литр рахьдал букӀинабиялда тӀад хвезабула 21 гъур., бичула гьеб 15 гъурущалде. Гьединабго къисмат кколеб буго гӀезабураб тӀощалилги.**

**Аслияб къагӀидаялда, гьабсагӀат ГУПалда хӀалтӀулев вуго 35 хӀалтӀухъан, сезоналда гьезул къадар дагьабго цӀикӀкӀуна. Заманалда рекъон цӀикӀкӀараб харж щолеб гьечӀонигу, хӀалтӀухъабаз ракӀбацӀцӀадаб хӀалтӀи гьабула. Баркала буго гьезие гьелъухъ.**

**Цоги, ахириял къояз дида гӀайиб чӀвалеб буго ГУПалъ хӀалтӀизабулеб «Архъабаш» участокалда бугеб ракь росдал гӀадамазе минаби разе кьеялда данде чӀун вугилан. Гьебги буго кьуч1 гьеч1еб хабар. Гьелъул гӀаксалда, гьеб кьезабиялда тӀад х1алт1улезул мухъилъ гурищ дун вугев? Гуребани, гьанжеялде дора хаслихъе культураби рекьун рукӀунаан.**

**ХӀакъикъат лъазе бокьарав чи, рицунел харбахъ гӀенеккичӀого, вачӀа диде тӀаде ва цӀехе. Дун мекъи ккун ватани, битӀараб нухде ккезаве, цадахъ рекъон хӀалтӀани, нилъ мекъи ккезе гьечӀо. ГӀела, къокъабаздеги рикьун, рахъ-рахъалде гӀадамал цӀаялъе, гьелъ нилъ киданиги лъикӀаб рахъалде рачунаро»**,- ян.

Абизе ккола, магӀишаталда бугеб ахӀвал - хӀалалъул, рагӀа-ракьанде щвараб бицен ГӀабдулатӀипица гьабиялъ, гьениб гьабулеб хӀалтӀиялда хурхарал суалал данделъиялъул гӀахьалчагӀазул раккичӀин.

Полохъабазе минаби разе ракь кьеялда сверухъ хурхарал рукӀана раккулел суалал. Гьеб суалалда тӀасан кӀалъаял гьаруна- И.Б. Салимхановас, З.Н.Эмеевас, ХӀ.А. Адимирзаевас, И. Мух1амадовас, Т1. Г1абдулх1амидовас, М.-хӀ. МухӀамадхӀабибовас ва Г1азиз Х1амидовас.

Гьезул кӀалъаяздасан бичӀчӀулеб букӀана гьеб суалалда тӀад, рикьалаби гьаричӀого, цолъун ва гӀедегӀичӀого, хӀалтӀизе кколеблъи.

*М.-Ш.ГӀАБДУЛАШИМОВ.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

## Ополчениялъе - 20 сон

# Руччабазги лъуна жидерго бутIа



Пагарал ракьалде, росуялде, ВатIаналде рокьи бугел, тIаде бачIараб къо борхизе рачел щулаго къалел гIадамаздалъун бечедаб буго Салатавия. Бая наб букIахъе, дол хIуригат бахъулел ва, гьединго, КIудияб ВатIанияб рагъул соназ нилъер умумуз бихьизабураб бахIарчилъи хутIана нилъее мисаллъун, ва гьезул божи лъиялъе мустахIикъаб ирсилаблъун буго жакъасеб гIелги. Рагъул авлахъалда хутIана нилъер ракьцоял, гIемерал тIадруссинчIо. Гьеб вахIшияб рагъалъ цолъизаруна нилъер киналниги миллатазул гIадамал. Гьезул рекIел къвакIиялъги тушманасде бугеб ццидацаги босана бергьенлъи. Рагъги къотIанин, парахатаб гIумру гьабизе ресги щванин букIараб Дагъистаналъул халкъалде тIаде бачIана ракIалдаго гьечIеб балагь. 1999 соналъ Чачан Республикаялдасан рачIарал гъачагъаз жидерго чорокал хIатIал лъуна нилъер ракьалда.Гьез гьужум гьабуна Болъихъ ва ЦIумада районазул росабазде. ЧIвана щибго гIайиб гьечIел гIадамал. Гьениб букIараб ахIвал-хIал киназдаго лъала. ТакъсирчагIаз нилъер районалде лъугьинеги къасд гьабуна. Гьезде данде рахъана ч1ах1иялгун гIолохъаби. Дагъистаналъул Пачалихъияб Советалъул ва Халкъияб Собраниялъул хIукмуялда рекъон,ихтияр кьуна щибаб росулъ ополченцазул отрядал гIуцIизе. Гьедин, ГIазаев Мусашайихил бетIерлъиялда, Дилималда гIуцIана ополчение. Гьелъул ва гьелъ гьарурал бахIарчиял ишазул хIакъалъулъ газетазул гьурмазда гIемер хъвана. Гьелдаса ана къого сон,амма районцоязе гьеб сон хутIана киданиги кIочонареблъун.

Дагьал церегIан къояз дун дандчIвана гьел хIалуцарал къояз къасиги къадги гъачагъал нахъчIваялъулъ бутIа лъурай, дол соназ Дилим росдал администрациялъул бетIерасул ишал тIуралей йикIарай, райсоветалъул депутат Зульфия Абакаровагун. Дица гьелда гьарана дол соназул лъугьа- бахъиназул ва нуж руччабаз гьабураб хIалтIиялъул хIакъалъулъ бицеян. Гьелъ бицана:



**- Доб букIана захIматаб, къаси-къад чIечIого, гъачагъазде данде къеркьезе хIадур чIезе кколеб заман. Нилъер ополченчаз цIунизе кколаан бакътIерхьудехун кколел, бищунго хIинкъи бугел - Ленинаул, Калининаул, Буртунай, Алмахъ росабазул гIорхъаби. Кодоб ярагъ кквезе бажарулел къватIире рахъана. Районалъул бетIер ГIамир ГIазаев гIолохъабигун Болъихъе кумекалъе ана.**

**Кинабго бихьиназде тIадеги рехун гIодор чIезе бегьуларинги абун,дица хIукму гьабуна,районалъул руччабазул Советалъе нухмалъулей ПатIимат ГIазаевалъулгун дандги бан, руччаби-ополченцазулги къокъа гIуцIизе. Гьедин, нижеца руччабазул данделъи тIобитIана, бицана бачIунеб балагь нахъчIвазе хIадурлъизе ккеялъул.**

**Гьеб къокъаялъулъе лъугьине разилъи кьуна руччабазул 100-ялдаса цIикIкIараб къадаралъ,бищана гIуцIиялъул комитетги.**

**Комитеталда рукIана -Зульфия Темирбулатова, Маина МухIамадова, Таслият М-гъазиева, Батули Гереева, Зарият Эмечова, Умайнат Шахбанова, Мадинат Гъанищева, ГIазизат МухIамадова, Кинайнат МухIамадова,Расият МухIамадова, Эздек Закарьяева.Гьеб къокъаялъе нухмлъулеллъун рищана дунги. ПатIимат ГIазаеваги. Нижехъе ярагъги кьуна,яргъие хъулухъ гьабизе ва гьеб кьвагьизе нижеде малъулаан ГI. Г1азаевас. Дида тIадаблъун букIана къокъаялъе бичIчIен кьеялъул хIалтIи гьабизе. Нижер букIана хIалтIуе гIуцIараб план. Хал гьабизе кколаан щибаб бакIалъул. ГIадамал мекъаб нухде цIазе хIаракат бахъулез, рукъзабахъе рехулел кагътал-ахIиял нижеца къаси (рихьиларедухъ) нахъе росулаан.**

**Гьединго, росу сверухъ, рохьазул рагIаллъабаздасан гъачагъал нахъ-чIвай мурадалда, дугIабиги цIалулаго, квар-кунги ц1алаан, гьез росдае зарал гьабунгут1и. Гьединаб къагIида букIана нилъер умумузулги.**

**ГIуцIиялъул комитеталъул руччабазда тIадкъан букIана мекъаб нухде гIадамал цIазе хIаракат бахъулелгун гара-чIвари гьабизе.(дол соназ гьединалги рукIана).**

**Гьелъулъ кIудияб кумек гьабуна- Язрапат Юсуповалъ, Сакинат ГIалиукъаевалъ ва цогидазги. Гьединал хIалтIаби нижеца гьаруна районалъул цогидал росабалъги. Нилъер гIорхъабазда рукIарал Россиялъул рагъухъабахъеги ниж щолаан ва хIаракат бахъулаан гьезие хIажатаб щвезабизе(квен-тIех,тетрадалгун ручкаби ва гь.ц.)**

**Нижеда цадахъ милициялъул хIалтIухъабиги рукIунаан. Руччабаз бихьизабуна,бихьиназдаса нахъе ккеч1ого,гIагараб ракь цIунизе хIадур рукIин. Нижер къокъа букIана Дагъистаналдаго тIоцебе гIуцIараблъун. Дица нижеего рецц-бакъ тIалаб гьабулеб гьечIо,гьедин букIараблъи бицунеб буго. Гьеб лъала тIолабго Россиялдаги.Дол соназ тIоалго руччабаз гьарурал лъикIлъаби рехсон бажаруларо. Гьезие кIудияб баркала буго. Аллагьас цIунаги нилъер наслаби рагъ-кьалалдаса. Гьел рукIаги талихIаллъун ва гIумруялдаса рохараллъун. РачIунгеги нилъеде тIаде гьединал захIматал къоял. Сахлъиги къуватги кьеги нилъер умумузе бахIарчиял ва ритIухъал лъимал куцазе,**-ян.

*ХI. КАРИМОВА.*

Так было ...

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ №103

**14 август 1999г.**

***О мерах по обеспечению безопасности района в связи с вторжением незаконных вооруженных формирований на территорию Республики Дагестан***

*2-3 августа в Цумадинский, а 7 августа в Ботлихский районы вторглись с территории Чеченской Республики Ичкерия незаконные вооруженные формирования и захватили ряд населенных пунктов. Районная администрация считает это прямым посягательством на основы конституционного строя, территориальной целостности Российской Федерации и Республики Дагестан, открытой вооруженной агрессией против РД.*

*Обсудив сложившуюся ситуацию в Республике, учитывая то, что район является приграничной зоной с ЧРИ и во исполнение Постановления совместного заседания Госсовета, НС и Правительства РД, а также постановления Госсовета № 138 от 09.08.99г. о ситуации в Республике, районная администрация постановляет:*

*1. Принять постановление Госсовета РД №138 от 9 августа 1999 года «О ситуации РД в связи со вторжением на территорию республики незаконных вооруженных формирований и мерах по обеспечению, безопасности РД к руководству и безотлагательному исполнению.*

*2. Призвать жителей района мобилизовать весь потенциал своих морально-нравственных и духовных сил для решительной борьбы с захватчиками и оказания помощи Цумадинскому и Ботлихскому районам.*

*3. В целях подготовки и принятия неотложных мер, в том числе связанных в формированием подразделений при военном комиссариате и отрядов самообороны, их материально-техническому обеспечению образовать районную комиссию в составе:*

*1. Азаев А.М. – глава райадминистрации, председатель комиссии*

*2. Идрисов И.Р.- зам.главы райадминистрации, зам. председателя комиссии.*

*3. Алтумирзаев Г.С. - зам.главы райадминистрации*

*4. Исмаилов А.Р. – главврач ТМО*

*5. Алижанов Э. –начальник общественной милиции.*

*6. Латипов М.М. – райвоенком*

*7. Гусейнов Я.Н. – начальник РУФЭС*

*8. Джантуев М. – директор МП «ЖБК» с.Ленинаул.*

*4. Согласно постановлению Государственного Совета №138 от 09.08.1999г. п.4 создать в районе сводный отряд ополченцев из добровольцев и назначить Командиром ССО района полковника в запасе Салимханова Юкрудина Байбулатовича.*

*5. Командиру ССО Салимханову создать в населенных пунктах района штабы отрядов ополченцев из числа добровольцев и принять меры для регистрации имеющегося у них оружия для обеспечения охраны и обороны территории населенного пункта.*

*6. Райвоенкому (Латипову М.М.) принять безотлагательные меры по выполнению п.3 Постановления Госсовета РД № 138 от 08.08.1999г. по мобилизации офицеров запаса, лиц участвовавших в боевых действиях в Афганистане и других резервистов и создать при военном комиссариате спецподразделения для привлечения к обеспечению безопасности района и в целом РД,*

*7. РОВД (Гамзатов Г.А.), главам сельских администраций развернуть активную работу по формированию в каждом населенном пункте отрядов самообороны под непосредственным руководством самих глав администрации, мобилизации в их состав добровольцев, разрешив при этом регистрацию и закрепление за гражданами огнестрельного оружия, имеющегося у них.*

*8. Районному управлению федеральной электрической связи (Гусейнов Я.Н.) принять безотлагательные меры по обеспечению постоянной устойчивой связи с населенными пунктами.*

*9. Дылымскому участку СЭС (Алижанов Х.Д.) принять меры по обеспечению бесперебойного снабжения всех населенных пунктов электроэнергией.*

*10. ТМО (Исмаилов А.Р.) обеспечить готовность лечебно-профилактических учреждений для оказания экстренной помощи пострадавшим. Привести в готовность бригаду быстрого реагирования, организовать своевременное оказание квалифицированной медицинской помощи и эвакуацию их в лечебные учреждения.*

*11. РОВД (Гамзатов Г.А.) обеспечить охрану важнейших объектов района, взять под усиленную охрану автодорогу Хасавюрт-Тлох и другие автодороги, проходящие через район.*

*12. Отделу по делам ГО, ЧС и ликвидации последствий стихийных бедствий, управлению соцзащиты, центру по труду и занятости РК по спорту, делам молодежи, главам с/администрации наладить работу по эвакуации, оказанию первой помощи и размещению лиц, покидающих зону вооруженного конфликта.*

*13. Редакции газеты «Чапар» (Салихов А.З.) развернуть активную работу по освещению происходящих событий в республике и районе, решительно и оперативно противодействовать экстремистическим настроением людей, правдиво освещать в печати жизнь района в этой ситуации.*

*14. Контроль за выполнением настоящего постановления возложить на 1-зам.главы райадминистрации Идрисова И.Р.*

**Глава райадминистрации А.Азаев.**

*Газета «Чапар» №34, 23 август 1999 с.*

# На встрече с молодежью...



6 августа в с. Буртунай состоялась выездная встреча депутата НС РД Мухтарпаши Умаханова с молодежью. В ней приняли участие - глава МР **«Казбековский район»** Гаджимурад Мусаев, глава села, Ахмед Салманов, имам села Рамазан Касумов , представитель молодежи Шамиль Расулов и вся активная молодежь. Мероприятие носило характер диалога, любой из присутствующих мог обратиться с вопросом или просьбой к парламентарию и руководителю района. Был рассмотрен ряд вопросов, основным из которых является строительство футбольного поля. Мухтарпаша Умаханов рассказал о том, что данный проект включен в благотворительную деятельность АО **«Черномортранснефть»** и будет реализован в ближайшее время. Присутствующие были ознакомлены с проектом, выразили благодарность и желание увидеть завершенный объект. Гаджимурад Мусаев поддержал инициативу депутата и заверил об оказании поддержки при ограждении запланированного под поле участка. Главой района также был озвучен вопрос благоустройства и асфальтирования дорог. С целью контроля выполнения работ была посещена школа, в которой идет капитальный ремонт в рамках проекта **«150 школ»** и школа на 120 мест, строительство которой будет завершено в ближайшее время. Отмечено, что школа строится без спортивного зала и это очень плохо может повлиять на спортивное развитие подрастающего поколения. Данная проблема будет изучена для дальнейшего принятия решения. Совместно с главой района , депутатом было рекомендовано главе села принять участие в федеральной программе **«Комфортная городская среда»** , акцентировано внимание в необходимости благоустройства небольшого парка для жителей. Ахмед Салманов отметил важность встреч такого формата , которые позволяют узнать существующие проблемы в населенных пунктах, среди молодежи и спланировать работу в правильном направлении.

*Раисат ХАЙБУЛАЕВА, с.Буртунай*

# Спорткомплекс базе байбихьана



14 августалда Буртунаялда (совхозалъул гараж бугеб бакIалда) спорткомплекс баялъе планировка гьабизе байбихьана. (Гьелъул горсвериялда бук1ине буго 258 м. )

Гьенир эхетизе руго, жакъасел шартIазде данде кколел, спортивияб зал (36х18 м.) ва футбол хIаялъе бак1 (42х22 м.) Гьединго, гьел объектазда сверун букIине буго рекериялъе гьабураб хасаб нух(дорожка).

Гьеб хIалтIи гIумруялде бахъи набизе рагIи кьун буго нилъер районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевас ва республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Мухтарпаша ПIумахановас.

Гьениб хIалтIи гьабулеб буго, Шамиль Расуловасул бетIерлъиялда, Шамиль Айдимировас,АхIмад Къасумовас,ПIиса Юнусовас,ХIайбула ПIабдулаевас, транснефталъул экскваторщик Ризван Г1абдухаликъовас ва грейдерист Г1алибег Пирбудагъовас.

*Ишахиса лъим*

# Маххул къали лъуна

Гьал къояз Ахъташ лъарал бетIералда бугеб Ишахи участокалда лъуна 25 тонна лъел жанибе унеб маххул къали (накопитель), ва, гьелъубе лъим чвахиялъе 50 см. диаметралда бугеб, маххул рогIоро(труба).

Гьел цоцазда регъолел ва гьезда чIахIиял кранал лъолел руго. Пемер кватIичIого, байбихьизе буго лъим чвахиялъе рогIрал цоцалъ регъезеги.

Щибаб къойил гьеб участокалда хIалтIулел руго - Гъайирбег ПIалиев (экскаваторщик),гьесул кумекчи Залимхан ПIалисултанов, Буртунай росдал бетIер АхIмад Салманов ва алмахъазул жамагIаталъул вакил Салман Сахрудинов (Алмахъ).

14 августалда, сварщикалги рачун, гьенире ана - Гьозтала росдал бетIер Абакар Абакаровги Буртунаялдаса Ханзаталъул Салманги.

*С.САБИЕВ, Буртунай росу.*

# Рит1ухъ гьабун бук1ана, амма...



1977 ва 1999 соназ Чечняялдаса рач1арал гъачагъалгун ккарал тунка –х1усиязда, гьениб бук1араб рагъда, хадусан рук1арал террактазда Калининаул росулъа 16 г1олохъанчи г1умруялдаса ват1алъана,гьединго, рук1ана г1езег1анго лъукъаралги. Гьединал камиял цоги росабазе ккеч1о. Гьел рехсарал г1олохъабазда гьоркьор руго-Россиялъул бах1арзал(2), **«Бах1арчилъиялъухъ»** орденазе, республикаялъул Госсоветалъул, х1укуматалъулгун Халкъияб Собраниялъул Баркалаялъул кагътазе мустах1икълъаралги.

Тунка-х1усиязулъ г1ахьаллъараз (29чи) т1алаб гьабулеб бук1ана, 2011 соналдасан байбихьун, жидее рагъул г1ахьалч1азул статус кьеян ва гьеб кьун бук1ана районалъул федералияб судалде. Гьелъ гьеб бит1ун бугоан Россиялъул Конституционнияб судалде. Гьелда т1ад х1алт1улей Людмила Жарковалъ гьеб суал жидеде кколел киналниги идарабазде рит1ула ц1ех-рехалъул кагътал. Гьединал лъугьа-бахъиназулъ г1ахьаллъаразе кьват1исел пачалихъазда гьарурал х1укмабицин ругоан гьелъ лъазарун ва кьоч1ое росун.

Ц1ех-рехалъул кагътазе Россиялъул ва республикаялъул идарабаз рач1арал жавабазул кьуч1алда, Конституционнияб судалъ, к1иго данделъи гьелда сверухъги т1обит1ун, ч1езабуна рехсараб статус кьезе т1адаб бук1ин. Кин бук1ун батаниги, 8 сон х1ажалъана т1адег1анал политикиял идарабазе гьеб суал бет1ералде бахъинабизе. Гьеб жеги нухдаго бук1ине бегьулаан, Болъихъа г1адамаз президентасе гьелда хурхараб суал кьеч1ебани. Гьелъул х1асилалда, Пачалихъияб Думаялъ х1укму гьабуна, лъабабилеб ц1алиялдаса хадуб, ополченцазе рагъулъ г1ахьаллъаразул статус кьезе.

*Гъ. Гъайирбиев, Калининаул росу.*

*Архивалдаса*

# Добаг1адинаб «алжан» нилъее х1ажат гьеч1о

Дида кинго бич1ч1унаро щибги рак1алде ккун Дагъистаналде рач1арал ах1ич1ел «гьалбал». Эбелалъул рахьгун ургьибе босараб иманги нилъер, лъимерлъудаго умумуз малъараб какги нилъеца балеб, ц1акъ г1акъилал г1алимазабаз нухмалъи гьабулеб дунги нилъер. Рохьазда рагъулаго, гъачагълъи гьабулаго, г1адамазе зулму гьабулаго ярагъ гьеч1ел пакъирал ч1валаго ургъараб вагьаблъи гуреб нилъер ислам.

Щибниги бахилаб х1укумат ва халкъалъе г1умру жидерго Ичкериялда бук1инабизе бажарич1ел х1алихъатал чаг1аз нилъеда малъизе жо гьеч1о. Бихьун лъараб буго нилъеда кинаб чара къосигун 1995 соналъ кьват1ибе бахъараб чачаназул халкъ ва кин нилъеца гьел къабул гьарурал кумек гьабун нилъерго рукъзабахъ хьихьун рук1арал.

Щиб жидедаго г1адинаб «алжан» Дагъистаналъул руччабазда бихьизабич1огун ч1еларин рак1алде ккун бугеб гьел «бац1ц1адаб» диналъул г1адамазда жидерго халкъго г1адин, я харж гурогун, я пенсия, яги пособие гурогун бакъуца хвезабизейищ бокьун бугеб гьезие?

Гурх1улеб х1алалде ккарал ракъун хола ругел Ичкериялъун херазул ва лъималазул ургъелги гьабун, жидерго ракьалда щай рук1унарел гьедиг1ан кутакалин жидедаго кколел мунапикъал. Бахиллъун гьеч1о ниж нужеца ч1езабураб «исламияб» мекъса ц1ар лъураб пачалихъалда.

Рагъде рег1ун рук1инч1о нилъ. Нилъеца г1езе гьаризе ккола лъимал, разе ккола минаби, бак1аризе ккола лъик1лъи. Г1адамасул г1умру гьединги дагьаб буго гьеб киналъего. Аллагьас кьурал къоял берцинаб ва х1алалаб г1умру гьабун т1орит1изе бокьун буго нилъее.

Нилъер халкъалъул г1олеб рух1ги, х1алги, бах1арчилъиги, г1акълуги гьел бидулазе дандеч1ей гьабизе ва умумузул нухдасан ун нилъеда батараб дунги г1умруги гьабизе.

Аллагьас лъик1аб хъван батаги.

*П.Айтемирова.*

*«Чапар» газета (№34, 23 август 1999 с).*

# Отдел экономики района информирует...

Отдел экономики администрации МР «**Казбековский район**» доводит до сведения, что для реализации мероприятий государственной программы Республики Дагестан «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан» в республиканском бюджете на 2019 год предусмотрены средства в размере 80,0 млн. руб., которые планируется направить на возмещение фактически понесенных затрат (субсидии) на:

1. Строительство малогабаритных теплиц.

2. Строительство логистических (оптово-распределительных) центров хранения продукции (овощехранилища, фруктохранилища).

1. Реализация инвестиционных проектов по созданию гибких современных мини-перерабатывающих производств (переработка мяса, молока, фруктов, овощей и т.д.).

2. Создание предприятий по производству промышленной продукции, в том числе строительных материалов (карьеры, производство щебня, мебельные цеха, оконные производства и т.д.).

Субсидии предоставляются юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям, зарегистрированным и осуществляющим хозяйственную деятельность в горных территориях Республики Дагестан.

Условием участия в конкурсном отборе, помимо отнесения объекта к указанным выше направлениям, является расположение инвестиционного проекта на высоте более 500 метров над уровнем моря (то есть в горных

территориях). Объект должен быть введен в эксплуатацию в текущем или предыдущем году.

С победителями конкурса будет заключено Соглашение сроком на три года (о создании рабочих мест, производстве, мощностях хранения и переработки продукции).

В рамках программы предусмотрено субсидирование 50,0% затрат на приобретение оборудования для создания гибких мини-перерабатывающих производств и предприятий по производству промышленной продукции, в том числе строительных материалов, а также на строительство малогабаритных тепличных комплексов и логистических (оптовораспределительных) центров хранения, предпродажной подготовки и реализации продукции (но не более 2 млн. рублей для теплиц и не более 3 млн. рублей по остальным направлениям).

Прием документов для оказания государственной поддержки будет, осуществляется, в том числе через Многофункциональные центры предоставления государственных и муниципальных услуг в Республике Дагестан, расположенные в муниципальных образованиях Республики Дагестан, в период с 1 октября по 1 ноября текущего года.

Заинтересованные лица могут обратиться в Минэкономразвития РД по адресу: **ул. Абубакарова д.67, или по тел. 67-20-10.**

## Анкьил гьава – бакъ (19 – 25 август)

**1. Итни** (+24, нак1к1)
**2. Талат** (+24, ц1ад)
**3. Арбаг1** (+28, ц1ад)
**4. Хамиз** (+27, ц1ад)
**5. Рузман** (+30, нак1к1 бугеб)
**6. Шамат** (+28, ц1ад)
**7. Гьат1ан** (+24, ц1ад)



- - - - - - - - - - - - - - - - - - - - - - - - - -

*15 августалда*:

**Доллар** - 66.25 коп.

**Евро** – 73.15 коп.



*Дин ва г1умру*

# Хварав чи чуриялъул баян

***(Байбихьи 29 номералда)***

Цаби данде цун ругони гьел гьакIкIазариларо. Цинги гьебго квегIаб кверальул гьитIинаб килишалъ биччизеги гьабун магIарзул къалал рацIила. Хадуб цо гIучI гIадаб жоги босун кверазулги хIатIазулги малъазда гъоркь бугеб гьиз бацIила гьеб батани. Цинги чIагояв чияс гьабулеб гIадин камил гьабун лъаб-лъаб нухалъ бахун какие чури гьабила. МегIер-кIал хулулеб мехалъ дагьабго бетIер цебехун гьетIизабун ва лъим дагь гьабун жанибе лъим унареб куцалъ гьабила. Гьединго гIинзунибги лъим унареб хIал гьабила. Цинги сапун гIадаб жоги хIалтIизабун бетIер ва мегеж чурила ва гьеб кIиябго цаби гIатIидаб гьоркьоялъ хIеренго гIемерал расал тIоларедухъ ххала ва тIурал расал хадуб мусруялда жанир лъела. ЧIужугIаданалъул халатал расазул лъабго гъалги гьабун нахъе мугъалдехун рехила.

Гьелда хадуб гьедин мугъалда вегун вугеб хIалалдаги тун гьесул кваранаб хьибилалъул цебесеб рахъ чурила габуралдасан байбихьун хIетIеялде щвезегIан. Цинги гьединго квегIаб рахъ чурила. Цинги квегIаб хьибилалдеги сверизавун кваранаб хьибилалъул нахъисеб рахъ чурила гъванщаялдасан байбихьун эгъеялде щвезегIан. Цинги кваранаб хьибилалдеги сверизавун квегIаб хьибилалъул нахъисеб рахъ чурила гьединго. Гьев кIалагъоркье вегизавиларо, гьеб хIарамаб буго.

Гьедин гьабураб кинабго жо цо нухалъ чурилъун рикIкIуна. гьединго гьеб кинабго жо лъабго нухалъ гьабизе суннатаб буго. Лъабго нухалъ чуридал вацIцIалъичIони тIаде цIикIкIизабила ва витруги гIезабила. Чурулаго сапун гIадаб жо хIалтIизабизеги суннатаб буго. Хъублъун букIун батани сапуналъ чурун бацIцIадги гьабун ва гьеб сапуналъул асар полопги тIасан инабун хадуб бацIцIадаб лъималъ чурараб чури букIуна тIоцебесеб чурилъун, гьелда хадуб кIиго нухалъги чурун лъабго гIезабила. Чурун лъугIидал палатенца гIадаб жоялъ лъикI бакъвазабун бацIцIила черх цониги бакIалда риччел хутIуларедухъ мусруги биччун гьелдалъун черх хехго туричIого букIине.

Хварав чиясул какие чуризабулеб мехалъ гьесул лугби чурулаго чIагояс гьарулел дугIаби гьаризеги ва гьединго какие чури лъугIидал ва черх чурун лъугIидалги кIиялдаго хадуб чIагояс гьабулеб дугIа гьабизеги суннатаб буго. Амма дугIаби гьарулаго абизе ккола, масала гьумер чурулаго: **"Аллагьумма баййид важгьи"** абулеб бакIалда **"важгьаву"** абун, гьелдасанги лъикIаб буго **"важгьи ва важгьагьу".** Гъуждул чурулаго "агIтIини китаби" абулеб бакIалда **"агIтIигьи китабагьу"** абила яги **"агIтIина китаби ва китабагьу"** абила, гьединго чурун лъугIидал, **"Аллагьумма жгIални"** абулеб бакIалда **"ижгIалгьу"** яги **"ижгIални ва жгIалгьу"** абила.

Хварав чиясул черх чурун лъугIидал хадуб хьублъи бачIани гьесул гIавраталдасан бугониги гьеб хъублъиги бацIцIун, инабун гьеб гъвараб бакI чурун бацIцIад гьабураб гIола. Хварав чиясул какие чури биххи абураб жо букIунаро гьесдасан таклиф борхун букIиналъ. Гьесда гъванани чIужугIаданалъул какие чури биххула, гьесул биххуларо. Хварай чIужугIаданалда гъванани бихьинчиясул какие чури биххула, гьелъул биххуларо.

### Хварав чи чуризе бегьулел ва бегьуларел чагIи

Хварав бихьинчи бихьинчияс чуризе хварай чIужугIадан чIужугIаданалъ чуризе беццараб буго. Росасе хварай жиндирго чIужу чуризе бегьула, чIужуялъе гьединго жиндирго хварав рос чуризеги бегьула, гьей цогидасе росасе ун йигониги. Гьедин букIуна фикъгьиялъул тIахьазда хъван. Гьеб кин букIунеб абуни, масала, къинай чIужуялъул гIидда лъимер гьабиялдалъун лъугIула, гьединлъидал рос хун хадубго къокъабго заманалдасан бугониги гьелъ лъимер гьабуни гьелдалъун гьелъул гIидда тIубала ва цогидасе магьари лъезе бегьулейлъун лъугьула. Росас чIужуниги чIужуялъ росниги чурулеб мехалъ кверазда чIорто гIадаб жо жемила цоцада гъвачIого рукIине ва чIагоязул какие чуриги биххичIого букIизе.

Хварав бихьинчиясда аскIой чияр чIужугIадан гурого ва чIужугIаданалда аскIов чияр бихьинчи гурого гьечIеб бакIалда рукIун гьезда цояз цоял рукъизе тIалъанани гьез цояз цоял чуризе бегьуларо. Гьединлъидал чуричIого ракьалъ гьумералда ва кверазда бахун тайаммумги гьабун мусруги жемун жаназаялъул какги бан рукъила.

***Гьодобериса Ах1мад Г1исаевасул Иршадуль г1авам (1 бут1а, 444 гьум.)***

***(Хадусеб бук1ине буго)***

# Ахириял харбал

Гьаб соналъул т1оцебесеб кварталда Россиялда дагьлъана 800 азарго х1алт1улел бак1ал (рабочие места).

- - - - - - - - - - - - - - - - - -

Нижний Тагилалда, цо чияс таманча реч1ула т1оцебесеб классалъул ц1алдохъанасул бот1ролъ.

- - - - - - - - - - - - - - - - - -

6 августалдасан байбихьун, хехаб медицинаялъул машинаялъе нух теч1ев шофер туснахъ гьавизе вуго.

- - - - - - - - - - - - - - - - - -

Красноярск краялъул Ачинск шагьаралда г1агарда 40 азарго яргъилал сурсатал ц1унараб склад кьвагьана ва гьелъул х1асилалда 12 чиясе заралги ккун буго.

Сверухълъиялда рук1арал росабалъа г1адамал гочизарун руго х1инкъи гьеч1еб бак1алде.

- - - - - - - - - - - - - - - - - -

Иркутск областалда бугеб 3 млн га рохьалъул бух1улеб буго.

- - - - - - - - - - - - - - - - - -

Гьава - бакъалда бан, лъик1аб гьеч1еб, ах1ва-х1ал ккун буго Красноярский краялда, Бурятиялда, ва Саха республикаялда.

- - - - - - - - - - - - - - - - - -

Кабулалда гьабураб терракталъул х1асилалда хун вуго 34 чи.

- - - - - - - - - - - - - - - - - -

Камчаткалда к1иго нухалъ ракь багьарун буго.

- - - - - - - - - - - - - - - - - -

Хабаровскалда лъеде гъоркье ккун буго 330 мина (дача).

- - - - - - - - - - - - - - - - - -

Валидолалъулги, Корвалолалъулги багьаби ц1ик1к1инарун руго.

- - - - - - - - - - - - - - - - - -

Дагъистаналъул Верховный судалъ инкар гьабун буго Махачов Ашик жеги туснахъалъув тезе.

***Интернет.***

*Бетlерав редактор: Мухтар Гlалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: Мухlамад-Шарип Гlабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: Хlалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо Хlайбаева*
*Верстка: Марьям Атавхlажиева, Зайнаб Гlабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354 Заказ №282 Тираж 1100 Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*